



Seksyon: Tretman ak Sistèm Jesyon

Sijè: Pwotokòl Admisyon Pasyan

**I. Objektif:**

Pou defini etap pou pwosedi yo ak wòl epi fonksyon pèsonèl Sant Swen Ijan (Urgent Care Center, UCC) pou sa ki konsène admisyon pasyan ki prezan pou swen nan zòn Triyaj la.

**II. Nivo: Entèdepandan****III. Done Sipò:**

Sant Swen Ijan yo founi swen ak sèvis pou tout moun k ap chèche swen anakò ak egzijans Eta ak federal yo, epi yo chèche konfòme yo nan fason aktif avèk Lwa sou Tretman Medikal Dijans ak Tranche Aktif (Emergency Medical Treatment and Active Labor Act, EMTALA) ak nòm Lwa sou Bidjè Omnibus Konsolide (Consolidated Omnibus Budget Act, COBRA). Divizyon Sèvis Ijans rekonèt dwa tout pasyan pou jwenn swen medikal ak nesosite tou pou egzèse nòm jijman klinik yo nan triyaj pasyan yo. Kidonk, y ap pran swen moun baze sou gravite ak ijans bezwen yo, answit dapre lè yo rive.

**IV. Pwosedi:**

Lè yo rive nan biwo anrejistremant an, y ap mande tout pasyan ki prezante ki pwoblèm prensipal yo genyen. Y ap itilize Nimewo FIN apwopriye a pou Anrejistre Rapidman tout pasyan yo nan Cerner System FirstNet Board. Enfimye(è) Kalifye (Registered Nurse, RN) a ap bay priyorite pou pasyan ki gen pwoblèm ki menase lavi yo touswit epi ki nesosite entèvansyon san pèdi tan. Pasyan sa yo p ap anrejistre. Y ap voye yon kopi blan Fòm Rankont Triyaj la nan anrejistremant pou yo travay sou li.

1. Espesyalis Finansye Pasyan an (Patient Financial Specialist, PFS) oswa lòt anplwaye ki resevwa fòmasyon, ap mete so/ekri kilè pasyan an rive epi fè pasyan an/fanmi li ranpli Fòm Rankont lan.
2. PFS la ap mande pasyan an yon fòm idantifikasyon. (Depreferans idantifikasyon ki gen foto) epi pran konsantman.
3. Y ap antre enfòmasyon ki sou Fòm Rankont lan nan Cerner System FirstNet Board.
4. Pèsonèl klinik nan triyaj la ap pran siy vital yo epi antre yo nan dosye medikal elektwonik (Electronic Medical Record, EMR) epitou ede pasyan an nan chèz, chèz woulant oswa branka dapre sa ki endike.
5. RN lan pral egzamine enfòmasyon yo jwenn yo epi fè yon evalyasyon swen enfimye sible epi bay yon nivo endis gravite ijans (Emergency Severity Index, ESI) ki apwopriye.
6. Pèsonèl klinik nan triyaj la ap oryante tout pasyan nan anrejistremant apre Egzamen Depistaj Medikal (Medical Screening Examination, MSE).
7. Chak zòn responsab fasilite aktivite dokiman anrejistremant pou nenpòt pasyan yo mennen "STAT" nan zòn lan ki soti nan Triyaj.

**V. Konplikasyon / Entèvansyon:**

Pasyan an pa reponn nan Triyaj:



Seksyon: Tretman ak Sistèm Jesyon

Sijè: Pwotokòl Admisyon Pasyan

- Rele pasyan an twa (3) fwa omwen avèk entèval 15 minit.
- Antre, "Pa gen repons" ak lè yo te rele pasyan an nan seksyon evènman an nan dosye medikal elektwonik la (Electronic Medical Record, EMR)
- Nan fen twazyèm apèl la, pasyan an soti nan sistèm lan epi Fòm Rankont lan klase nan dosye medikal ibrid

Eta Pasyan an Deteryore:

- Re-evalye pasyan an dapre sa ki endike.
- Transfere pasyan an nan zòn tretman ki apwopriye a nan branka oswa chèz woulant
- Enfòmè anrejistreman sou anplasman pasyan an

**VI. Referans:**

Lwa 1985 Bidjè Omnibus Konsolide (Consolidated Omnibus Budget Act, COBRA): Seksyon 9121.

Lwa COBRA: 42 USC 1395 dd: Lwa sou Tretman Medikal Dijans ak Tranche Aktif (Emergency Medical Treatment and Active Labor Act, EMTALA).

Lwa Sekirite Sosyal: Seksyon 1867

**Pati Responsab:** Direktè Sèvis Swen Pasyan UCC

**Komite Egzamen:** Pa Aplikab

**Otorizasyon:** Vis Prezidan Asosye  
Operasyon Devlopman Sant Swen Ijan